



# Dekouvri Plis Plezi sou Difikilte nan Paspò Pak ou a!



Pandan w ap kolekte tenb ou yo nan chak nan 12 pak k ap patisipe yo, pase nan nivo siperyè ak avanti w la! Plonje pi pwofon nan lanati, istwa, ak plis avek aktivite amizan e fasil sila yo. Kit ou se yon timoun ki kirye, yon fanmi ki renmen soti, oswa yon eksploratè pou premye fwa, genyen yon bagay pou chak moun pran plezi yo.

Enprime e pote dokiman sa a avèk you nan chak pak e gade konbyen aktivite ou kapab fè. Pa gen youn nan aktivite yo ki obligatwa; pou w pase Defi Paspò Pak la ou sèlman bezwen kolekte tout 12 tenb yo.

## AI Fè yon Pwomnad!

Lase soulye w, ranje yon valiz, e pran wout la! Chwazi yon wout pak pou mache ak rit ou. Pandan w sou wout la, eseye ti defi amizan sa yo.

- Fè yon ti kanpe e chita byen trankil pandan yon minit – ki son ou te tandé?
- Pran yon ti kaskwout oswa repa e chèche yon ti andwa ki pafè sou bò wout la pou yon piknik.
- Konpare ekòs ak fèy de pyebwa diferan. Ki resanblans ki gen ant yo? Ki diferans ki gen ant yo?
- Nan fè pwomnad ou a, antoure yon emoji ki dekri fason w santi w:



## Remake Lanati!

1. Lanchas pou Trezòn! Èske w kapab detekte tout trezò natirèl sa yo toutpandan w ap eksploré pak la.

- Yon fèy ki gen tèt pwenti
- Yon zwazo ki pèche nan yon pyebwa
- Yon wòch ki mou
- Yon ensèk
- Yon fwi a pik'an oswa pye chèn
- Yon nich pou zwazo
- Yon wòch an fòm kè
- Yon boutbwa ki gen fòm lèt "Y"
- Limon ki grandi sou yon bout bwa oswa wòch
- Yon bagay ki mou

2. Shhhh, koute ak atansyon...Ki bri ou kapab tandé? Zwazo k ap chante? Dlo k ap koule? Anyen ankò?
- 

3. Tèlman gen anpil zannimo ki rele andwa sa a lakay yo. Èske w kapab dekouvri yon bèt k ap pwomennen nan antouraj la? Ki bèt ou wè oswa tandé?
- 
- 

## Kwazyè Klimatik!

1. Se enpòtan pou w Pa Kite Okenn Tras pandan w ap vizite pak natirèl sansib nou an. Èske w kapab jwenn poubèl ki nan pak la yo? Konbyen w wè? Voye yon ti moso fatra nan poubèl la!
- 
- 

2. Respire yon fason pwofon. Lè fre w ap respire a soti nan plan ak pyebwa ki bò kote w. Pran yon moman pou w remèsyé pyebwa ki bò kote w lè w ba yo yon gwo akolad!
- 
- 

3. Kanpe nan solèt la pandan 30 segonn, apre sa ale nan lonbray. Ki jan w santi diferans la? Poukisa pyebwa yo enpòtan pou kenbe andwa yo fre?
- 
-

## Lachas Istwa!

1. Vizite sit istorik ki nan pak la e aprann sa yo vle di. Ki sa ki fè andwa sila yo espesyal?

---

2. Chèche siy istorik e li afich. Ki bèl faktè ou te aprann konsènan istwa pak la?

---

3. Aprann konsènan yon figi istorik ki konekte a pak la, tankou yon naturalis, ansyen pwopriyetè, oswa aktivis ki selèb. Ki non yo? Ki sa w te aprann sou yo?

---

## Foto Nan Vit pou Bèt!

(Pa Obligatwa) Kaptire vwayaj ou avèk yon foto e pataje l sou Instagram. Pa blye tag nou @MassDCR pou konekte avèk eksploratè konpayon.

1. Chèche yon andwa nan pak la ki fè w sezi e pran yon foto pou w fè bèl moman sa a dire pou toutan! Kit se yon lak ki kalm, yon pyebwa mayifik, oswa yon trezò kache, kaptire sèn ki plis rive sou ou a.
2. Apresye ti bagay yo! Rapwoche pi prè trezò ki pi piti lanati gen pou ofri yo! Chèche ensèk boudone, grenn ki frajil, djondjon ki kolorye, oswa nenpòt lòt bagay ki atire je w. Fè yon foto pwòch ti mèvèy sa yo souvan nou pa remake.
3. Rasanble konpayon eksploratè w yo e pran yon poz! Chè yon karakteristk ekselan nan pak la, kit se fòmasyon inik yon wòch, yon vizyon enpresyonan, oswa yon estrikti istorik, e pran yon sèlfì avèk yon zanmi w oswa yon fanmi w pou w kaptire souvni vwayaj ou ansanm avèk yo!